STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 21 jen 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN KANPAY ANONS POU BIZNIS TOUPATOU NAN ETA A

Anons Ak Sitwèb "The New New York Works For Business" Deziyen pou Atire, Kreye, ak Konsève Djòb yo nan Eta New York

Se BBDO Ki Kreye Anons yo, Robert DeNiro, Feature Music By Jay-Z ak Alicia Keys Sonorize yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York lanse anons ak sitwèb "The New New York Works For Business", yon kanpay pou montre peyi a pou kisa New York se kote pou biznis devlope, pwogrese ak agrandi, yon fason pou kreye anpil djòb ak revni.

Gouvènè a, ansanm avèk Pòtpawòl Sheldon Silver, Dirijan Majorite Sena a, Dean Skelos, ak Direktè Jeneral ajans reklam BBDO, John Osborn, te prezante sis (6) anons jodi a ki pral pase toupatou nan peyi a, pou endike posiblite ekonomik eta a. Pwojè "New New York Works for Business" se pati "New York Open for Business," yon kanpay maketing komèsyal $50 milyon dola yo te vote nan dènye de (2) sik bidjè yo.

Se BBDO New York ki te fè konsepsyon anons yo, nan tèt ansanm avèk Empire State Development (ESD), epi Robert DeNiro te sonorize yo, ak reprezante chanson "Empire State of Mind" Jay-Z ak Alicia Keys. Tout moun sa yo se Nouyòkè.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Lè nou voye mesaj pou fè konnen New York se kote pou biznis vini ak pwogrese, nou kapab fè konnen priyorite nimewo en (1) nou: kreye djòb, djòb, djòb. N ap fè konpetisyon avèk anpil lòt eta ki t ap travay pandan plizyè ane pou atire biznis yo, men moman an rive pou biznis kominote biznis yo rekonèt eta nou an se kote pou yo gen siksè ak pwogrese. Lè nou rakonte istwa biznis ki gen deja gen siksè nan eta nou an, nou kapab atire menm plis posiblite ekonomik ak djòb isit la pou Nouyòkè yo. Mwen bat bravo pou Dirijan Majorite Skelos ak Pòtpawòl Asanble Silver poutèt yo travay ansanm pou atire biznis pou New York, epi pou fè moun yo retounen nan travay."

Dirijan Majorite Sena a, Dean Skelos, di konsa, "Lè nou te travay avèk Gouvènè Cuomo ak patnè nou yo nan Asanble a, nou diminye depans yo ak taks yo, epi nou fè New York vin yon kote ki pi atiran pou fè biznis. 'New York Open for Business' pral montre pwogrè nou fè, epi li se deja yon lòt zouti pou ankouraje konpayi yo chanje lokal, rete oswa menm devlope biznis yo isit la nan New York. Mwen bat

bravo pou Gouvènè a poutèt pwojè sa a, epi mwen pa ka tann pou kontinye travay pou ede biznis yo kreye anpil djòb ak bay jarèt pou ekonomi nou an."

Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, di konsa, "Nouvo kanpay maketing Gouvènè Cuomo devwale apremidi a voye yon mesaj klè ak sèten pou fè konnen Eta New York 'louvri pou biznis' toutbon. Lè mwen wè rekonstwiksyon World Trade Center prezante nan kanpay sa a sa fè mwen kwè ankò Eta New York ap vanse toutbon sou wout pou yon retou ekonomik istorik. Lè nou travay avèk Gouvènè a, n ap fè tout sa nou kapab pou konsève ak devlope biznis nou genyen deja yo, epitou pou atire nouvo konpayi nan chak zòn gwo eta nou an."

John Osborn, Prezidan ak Direktè Jeneral BBDO, di konsa: "BBDO fyè pou patisipe nan efò sa a. Nou se yon biznis Eta New York, epi nou isit la pandan plis pase 100 ane. Nou konnen sa New York gen pou ofri. Kidonk nou te vle kreye yon kanpay avèk yon ritm ak enèji ki kapte, selebre, ak ranfòse nouvo objektif Eta a sou kominote biznis lan. Anmenmtan, nou te vle montre enpòtans ak lajè sèvis biznis Eta New York ofri yo." Osborn te di ankò, "Kimoun ki pi bon pou ede fè istwa sa a vin yon reyalite pase Nouyòkè konsekan tankou Robert DeNiro, Jay Z ak Alicia Keys?"

Akòz efò pou amelyore klima biznis New York, eta a ap devlope ak konsève biznis yo. Kantite djòb sektè prive New York gen ladan kounye a 7.321.400 – yon kantite ki pa t janm genyen anvan. Epitou, nan mwa me 2012, kantite travayè Eta New York te ogmante a 28.200, pi gwo ogmantasyon nan kantite travayè yo depi fen ane 2001.

Answit, lansman "The New New York Works For Business" vini apre yon dènye rapò Chanm Komès Etazini te fè, kote li te mete New York pami 10 gwo eta pou kwasans, rannman, ak kote pou moun viv. New York te ogmante a 11 pwen nan klasman anvan li. Etid la te baze sou mwayen eta a pou ankouraje ekspòtasyon, sipòte inovasyon, bay biznis yo konfyans, gen taks rezonab, ensiste sou ekselans nan edikasyon, epi bay priyorite pou enfrastrikti yon fason pou kreye anpil djòb ak kwasans ekonomik.

Kanpay ki prezante jodi a gen ladan reklam 60 ak 30 segonn ki deziyen pou prezante ba kominote biznis lan "The New New York", yon New York ki asosye avèk biznis yo. De (2) nouvo anons sa yo ki sipòte avèk kat (4) reklam 30 segonn ki konsantre sou rakontaj istwa biznis toupatou nan eta a k ap grandi, pwogrese, tankou FAGE Total Authentic Greek Yogurt, Smith Electric Vehicles, Global 450 Consortium ak BAE Systems. Antou, kat (4) istwa sa yo ede montre lajè òf posiblite pou biznis eta a ofri.

Nan kanpay "'The New New York Works For Business,'eta a ap lanse yon nouvo sitwèb tou – www.theNewNY.com- k ap bay aksè rapid nan enfòmasyon pou tout domèn asistans pou biznis ki disponib nan Eta New York. Depi nan kòmansman yon biznis, pou jwenn kredi fiskal ak prim finansman, nan komès entènasyonal, pou rive nan asistans rejyonal, sa ap yon sèvis konplè pou tout biznis yo pwogrese avèk siksè nan New York."

Filmaj pou kanpay la te kòmanse nan mwa avril 2012. BBDO te travay men-nan-men avèk ESD pandan moman sa a. Reklam nan televizyon yo ap parèt nan tout makèt Eta New York ak sou rezo nasyonal yo.

Anba la a se kèk ti pwofil nan chak istwa biznis yo:

FAGE

FAGE te sòti nan peyi Lagrès pou vini Ozetazini, epi li te kreye tankou yon ti pwodiktè pwodui abaz lèt nan pati nò New York, men byen vit apre li te grandi lè yogout grèk te vin pi popilè. Pou sipòte kwasans rapid sa a, Eta New York ak FAGE te asosye pou pèmèt konpayi a grandi kote li te pi nesesè: toupre pwodiktè lèt New York.

FAGE ki te yon ti enpòtatè te grandi pou vin yon premye endistri yogout yo rekonèt toupatou nan peyi a. Pou satisfè demann li yo k ap grandi san pran souf, FAGE ap konstwi yon bilding pwodiksyon sou yon espas 80.000 pye kare k ap toupre izin li genyen deja nan Johnstown Industrial Park, Konte Fulton.

Yo estime pwojè a ap koute antou plis pase $100 milyon dola, avèk eta a k ap bay kontribisyon yon pake ankourajman ki evalye a plis pase $1.5 milyon dola pou sipòte kreyasyon 130 nouvo djòb sou twazan, ak konsèvasyon 160 djòb ki la deja.

GLOBAL 450 CONSORTIUM (NANOTECH DEVELOPMENT)

Nan mwa septanm 2011, nan youn nan pi gwo akò pou devlopman ekonomi nan istwa Eta New York, senk (5) gwo konpayi entènasyonal te dakò pou envesti $4,4 milya dola pou kreye pwochen jenerasyon teknoloji pis enfòmatik. Akò a make yon nivo envestisman prive ki pa t janm fèt nan sektè nano-teknoloji nan New York, ak yon viktwa entènasyonal, pandan New York t ap fè bon jan konpetisyon avèk peyi nan Ewòp, Azi ak Mwayennoryan pou atire jeyan teknik IBM, Intel, Samsung, GLOBALFOUNDRIES, ak TSMC pou kreye ak konsève apeprè 6.900 djòb.

Envestisman nan eta a gen de (2) pwojè ladan: Premye pwojè a, k ap anba kontwòl IM ak patnè li yo, pral konsantre sou fabrikasyon pwochen jenerasyon pis enfòmatik. Nouvo pis enfòmatik sa yo ap bay enèji pou tout dimansyon sistèm avanse, tankou òdinatè ak lojisyèl sekirite nasyonal yo. Nouvo angajman sa a IBM pran an ap fè envestisman total li nan teknoloji pis enfòmatik nan New York vin pi plis pase $10 milya dola nan dènye deseni an.

Dezyèm pwojè a, ki se yon efò komen Intel, IBM, TSMC, GLOBALFOUNDRIES, ak Samsung, pral konsantre sou transfòmasyon teknoloji 300 mm ki la deja an nouvo teknoloji 450 mm. Nouvo teknoloji a pral pwodui plis pase de (2) fwa kantite pis enfòmatik yo trete sou tranch silisyòm 300 mm jodi a, answit pou diminye depans pou ofri fiti jenerasyon teknoloji yo pi gwo valè ak pi piti konsekans sou anviwònman an.

Anplis envestisman $4,4 milya dola sektè prive a, Eta New York pral envesti $400 milyon dola nan SUNY College for Nanoscale and Science Engineering (CNSE) ki nan Albany.

BAE

Nan mwa novanm 2011, apre gwo destwiksyon pwopriyete ak sispansyon aktivite biznis Tanpèt Twopikal Lee te lakòz, Eta New York te kapab fè efò pou kenbe youn nan pi gwo patwon zòn Southern Tier - BAE Systems – pou konsève djòb pou apeprè 1.350 sitwayen zòn nan.

Bilding BAE Systems ki te nan Main Street te pran gwo domaj nan inondasyon yo apre gwo inondasyon Tanpèt Twopikal Lee te lakòz. Apre inondasyon yo, izin BAE te inonde avèk 16 milyon galon dlo, sa ki te

lakòz domaj pou apeprè anpil dizèn milyon dola. Nan mwa oktòb 2011, konpayi an te anonse li pa ta retounen nan bilding Vil Johnson nan, epitou li t ap chèche yon nouvo bilding ki sou yon distans 35 mil pou nouvo bilding lan. Si nou pèdi konpayi an nan lokal sa a, sa ta reprezante yon gwo konsekans pou ekonomi lokal la, pou fanmi yo, pou kominote yo ak pou distri lekòl yo, paske BAE reprezante youn nan pi gwo patwon nan zòn nan.

Pou ede BAE, eta a te rasanble yon pake prim ankourajman $40 milyon dola nan kredi fiskal ki asosye avèk djòb ak envestisman sou yon peryòd senkan avèk apwobasyon lejislasyon an ki te pèmèt konpayi ki te afekte anpil nan katastwòf natirèl yo resevwa avantaj fiskal akòz katastwòf la pou konsève djòb ki nan Eta New York.

SMITH ELECTRIC VEHICLES

Nan mwa novanm 2011, Smith Electric Vehicles (Smith), yon konsesyonè prensipal nan lavant tout kalite veyikil komèsyal elektrik ki pa degaje lafimen ditou, te anonse li ta envesti $8 milyon dola pou bati yon bilding fabrikasyon k ap gen teknoloji pwòp nan South Bronx, New York, k ap kreye plis pase 100 nouvo djòb. Yo bay yon pake prim eta a ak vil la ki evalye a plis pase $6 milyon dola pou ogmante envestisman prive konpayi an, anplis yon envestisman prive $8 milyon dola. Eta a te anonse tou devlopman yon pwogram prim ki finanse avèk lajan gouvènman federal pou moun k ap achte veyikil elektrik komèsyal pou ankouraje moun yo achte veyikil ki pa degaje lafimen ditou, epitou pou atire konpayi ekolojik nan Eta New York.

Dapre kondisyon akò a, Smith pral anfème yon bilding 90,000 pye kare ki toupre Hunts Point nan Sid Bronx pou fè envestisman nan depans renovasyon, ekipman, fòmasyon ak lòt pwojè. Smith pral renove ak ekipe ansyen bilding Murray Feiss ki nan Sid Bronx pou asanblaj izin li, sèvis ak enstalasyon pou lavant. Apati ane 2012, konpayi an pral fè Newton™, yon veyikil komèsyal elektrik nèt ki pa degaje lafimen k ap ofri yon pwodui vedèt, yon chaj itil ki gen plis pase 16,000 liv ak yon mwayèn depans eksplwatasyon anyèl ki reprezante ant yon tyè ak demi veyikil dizèl konvansyonèl. Divizyon PepsiCo's Frito-Lay, Duane Reade, Coca Cola, ak Down East Seafood te achte epi ap opere Newton Smith yo nan Vil New York.

Kenneth I. Chenault, Prezidan ak Direktè Jeneral American Express, di konsa, "Pandan sektè piblik la ak sektè prive a ap travay di pou fè New York vin yon premye eta pou biznis, nou bezwen kominike tout avantaj eta a gen pou ofri. Nouvo kanpay maketing sa a montre pou kisa New York, anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo, se yon fwa ankò kote pou fè biznis k ap grandi ak kreye anpil djòb."

Russell M. Artzt, Vis-Prezidan ak Fondatè CA Technologies, di konsa, "Avèk chak nouvo biznis nou wè ki kòmanse epi avèk chak biznis ki gen siksè nan New York ki deside rete isit la, nou wè aklè kijan efò Gouvènè Cuomo ap fè pou gouvènman eta a travay bay siksè ankò. Kanpay maketing sa a ap gen siksè sa a, epi l ap fè vin gen plis biznis ak plis djòb pou Nouyòkè yo lè li atire konpayi pou envesti ak kreye anpil djòb isit la. Se yon gwo envestisman pou eta nou an fè nan avni li."

G. Thomas Tranter, Jr., Prezidan Corning Enterprises, di konsa, "Nan reyalizasyon tankou kreyasyon Konsèy Rejyonal yo, plan enfrastrikti New York Works ak yon retou nan preparasyon bidjè ki responsab sou plan fiskal, Gouvènè Cuomo fè gwo chanjman nan apwòch New York pou kwasans biznis. Reyalizasyon sa yo montre yon nivo konpetans tounèf ki louvri wout pou jwenn konfyans Direktè Jeneral yo ankò ki wè avantaj ki genyen nan fè biznis nan New York tounèf la. Efò maketing New York Open for Business se yon efò ki enpòtan pou simaye pawòl la pou biznis ki lwen ak toupre pou fè yo konnen pou kisa yo ta dwe konsidere New York."

Julie Shimer, Prezidan ESDC ak Direktè Inovasyon Welch Allyn Inc., di konsa, “Biznis gen pou wè ak konpetisyon, epi gras ak efò Gouvènè Cuomo pou amelyore anviwònman biznis eta a, New York nan pi bon pozisyon pou fè konpetisyon pou envestisman biznis yo. Kanpay maketing sa a pral kreye nouvo posiblite pou ekonomi pati nò Eta a pou fasilite redrèsman ak kwasans lè li montre non sèlman New York louvri pou biznis, men tou li bon pou biznis yo.”

Kathy Bloomgarden, Ph.D., Direktè Jeneral Ruder Finn Inc., di konsa, “Kanpay maketing sa a kapte lespri optimis ki vini avèk repitasyon kwasans New York k ap grandi san pran souf kòm yon premye eta pou biznis, ak kote ki pi bon pou grandi ak kreye anpil djòb. Lè nou montre avantaj ki genyen nan fè biznis nan New York, nou kapab pi byen atire konpayi ki toupatou nan peyi a ak tout kote sou latè, yon fason pou prezante New York tounèf la kòm pi bon kote pou biznis yo.”

Eric Mower, Prezidan ak Direktè Jeneral Eric Mower and Associates, di konsa, “Apre anpil ane lòt eta yo ap pran biznis ak djòb nou yo, li bon pou wè Eta New York ap bay repons, avèk yon nouvo kanpay maketing pou montre biznis yo kijan Eta New York se kote pou yo ye. Kanpay sa a ki devlope sou apwòch biznis-dabò Gouvènè Cuomo pou kwasans ekonomik, ap enpòtan nan rakonte istwa New York pou fiti biznis ki toupatou nan eta a ak nan peyi a.”

Robert G. Wilmers, Prezidan ak Direktè Jeneral M&T Bank Corporation, di konsa, “Atraksyon envestisman sektè prive a ak kwasans biznis se yon eleman enpòtan plan Gouvènè a pou yon New York tounèf. Nan nouvo kanpay ‘Open for Business’, n ap montre konpayi ki nan New York jiska California ak toupatou sou latè kijan yon fwa ankò nou vin yon premye kote pou biznis yo grandi ak envesti. Pandan New York ap chanje apwòch li pou devlopman ekonomik, kanpay maketing sa a pral ede nou ranfòse imaj nou pou bati yon ekonomi ki pi pwospè.”

Donny Deutsch, Prezidan ajans piblisite Deutsch Inc., di konsa, “Kanpay maketing Open for Business itilize vrè istwa biznis New York pou montre pou kisa New York se pi bon kote pou yon biznis grandi. Pandan Gouvènè Cuomo ap rebati New York avèk kalite dirijan efikas li, kanpay maketing enpòtan sa a ap make New York ankò avèk yon pwogram kominikasyon kowòdone ak detaye k ap rakonte istwa eta a kòm yon kote ki dinamik ak aktif pou fè biznis.”

Shelly Lazarus, Prezidan Ogilvy & Mather, di konsa, “Efò maketing tankou sa a se efò ki enpòtan pou bati avni ekonomik New York. Gen yon nouvo fason nan eta nou an pou biznis kòm yon rezilta efò Gouvènè a. Epi kounye a, nou bezwen simaye mesaj la.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418